

Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ AK ON SEMICONDUCTOR POU ACHTE EPI
PREZÈVE IZIN MANIFAKTI GLOBALFOUNDRIES LAN KI NAN HUDSON VALLEY**

***Fabrikan Fab Pis Elektwonik lan Pral Devlope Pi Gwo Faktori Semikondiktè epi Ki
Pi Modèn nan Rejyon Mid-Hudson lan***

***Konpayi an Planifye Ajoute Prèske 150 Nouvo Pòs Travay epi Konsève yon
Minimòm 950 Pòs Travay Aktyèl nan Etablisman Konte Dutchess lan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke ON Semiconductor, ki se yon konpayi Fortune 500 ki gen yon baz kliyantèl global, pral elaji operasyon yo ki nan Eta New York apati acha ak prezèvasyon etablisman manifakti Fab 10 GLOBALFOUNDRIES lan ki sitiye nan East Fishkill, Konte Dutchess. ON Semiconductor te pran angajman investi plis pase 720 milyon dola sou 10 ane nan etablisman East Fishkill lan pou etabli premye etablisman manifakti pis elektwonik 300 mm li an, ki ap alimante pi plis kwasans estratejik pou konpayi an nan domèn jesyon kouran ki gen ladan elektrifikasyon otomobil, rezo entènèt mobil 5G, enfòmasyon nan nyaj yo ak enèji altènatif.

"Desizyon ON Semiconductor pran pou elaji epi devlope operasyon li yo nan Eta New York se prèv pozitif ke investisman entelijan nan ekonomi inovasyon nou an ap fonksyone epi alimante kwasans san presedan nan New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou kontan dèske ON Semiconductor ap chwazi apwofondi rasin li yo isit la ak angajman li pran nan Eta New York."

"Akò sa a ak ON Semiconductor ap kontinye fè vanse endistri gwo teknoloji an nan Hudson Valley", **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** "Investisman konpayi an pral kontinye fè vanse manifakti pis elektwonik yo nan Eta New York epi ajoute plis pase 100 pòs travay epi konsève prèske 1,000 nan Konte Dutchess. Nou angaje nan asire kwasans endistri an ki ap kontinye epi ranfòse ekonomi Eta New York lan."

Pandan ke GLOBALFOUNDRIES ap transfòme biznis li epi entansifye investisman li yo nan teknoloji ki diferansye yo pou alimante kwasans, konpayi an pral ap transfere pwodiksyon yo soti nan Fab 10 pou ale nan lòt etablisman yo ki enkli Fab 8 ki nan Malta, NY. Eta a te ede garanti yon mwayen tranzisyon 3.5 ane ant GLOBALFOUNDRIES ak ON Semiconductor ki pral asire operasyon Fab 10 ki ap kontinye ak 720 milyon dola nan nouvo depans kapital nan etablisman East Fishkill lan. Nan fen peryòd tranzisyon sa a, ON Semiconductor te pran angajman pou yo anboche nan GLOBALFOUNDRIES yon minimòm 950 anplwaye sou plas ki ap sipòte dirèkteman operasyon Fab 10 yo epi planifye tou kreye anviwon 150 nouvo pòs travay ki byen peye yo nan rejyon Mid-Hudson.

An echanj pou angajman ON Semiconductor pran yo, Empire State Development te ofri bay jiska 17.5 milyon dola nan sibvansyon pou fè acha pwopriyete Fab 10 lan, etablisman ak kèk ekipman manifakti, ansanm ak 22.5 milyon dola nan kredi enpo Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki an rapò ak investisman li yo, nouvo anbochaj ak rechèch ak devlopman sou dis ane. Prim alafwa sibvansyon ak kredi enpo Excelsior yo kondisyonèl pou ON Semiconductor ka akonpli angajman travay ak investisman li pran yo.

GLOBALFOUNDRIES ansanm ak ON Semiconductor pral antre nan yon aranjman apwovizyonman fondri kote GLOBALFOUNDRIES pral fabrike pis elektwonik ki espesifik pou ON Semiconductor yo nan Fab 10 soti nan mitan ane 2019 lan rive jiska an 2022 pandan ke ON Semiconductor ap ogmante pèsònèl ak enstalasyon ekipman yo chak ane.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare, "Nou kontan sipòte ekspansyon ON Semiconductor nan Rejyon Mid-Hudson lan, ki pral kenbe travay manifakti ki byen peye yo nan Eta New York epi sipòte plan konpayi an genyen pou kwasans ak devlopman nan fiti yo".

"Nivo posibilite ak kapasite ki ogmante yo ke ekspansyon sa a te pèmèt yo se repons nou pou reponn a nesosite mache krisyal yo", **se sa Keith Jackson, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ON Semiconductor, te deklare.** Ekspansyon sa a pa t ap posib san soutyen ak sibvansyon nan men Empire State Development ak volonte yo pou travay men nan lamèn avèk nou.

"GLOBALFOUNDRIES ansanm ak Empire State Development te konstwi yon patenarya djanm pandan plis pase 10 ane ke nou te travay ansanm pou devlope epi ogmante travay nan semikondiktè yo ak manifakti nan Eta a", **se sa Tom Caulfield, ki se Direktè Egzekitif Jeneral GLOBALFOUNDRIES, te deklare.** "Nou konsidere tranzaksyon sa a kòm yon viktwa reyèl pou tout pati ki konsène yo. Pou Eta New York li ap ede konsève talan ak travay nan manifakti yo pou plizyè deseni ki gen pou vini yo, pou ON Semiconductor yo etabli premye etablisman 300mm yo an ak yon viktwa pou GLOBALFOUNDRIES paske li ap libere resous pou pèmèt nou investi pi plis nan etablisman Fab 8 Malta, NY nou an pandan ke nou ap prezève mendèv talantye nou an ki nan East Fishkill."

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo pòs travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan prete, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon pòs travay epi sipòte kominote ki pwospè yo nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal kap kontwòle Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Cuomo ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak

touristik anblemantik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)